

အက်စီယံလက်ကား

ပရိယာဇ်လက်ကား

LAMPOE

OSRAM















*Peŕikan saking serat-serat kabar sanès.*

## TANAH NGRIKI.

*Boepati Ponorogo pindah dateng Malang.* Kawartosaken, R. A. A. Sam, Boepati ing Ponorogo, kapindah dados Boepati ing Malang.

*Asistèn wedana itjal.* Wonten pawartos, asistèn wedana ing Soember, Probolinggo, sampoen 2 minggu késah boten kantenan. Wedana ingkang ambawahaken boten ladjeng lapoer dateng panginggilan. Mila sareng asistèn-residèn toewin boepati madosi, rekaos anggenipoen nglatjak.

*Kalawarti énggal.* Ing Soekaboemi wonten kalawarti énggal nama „Al Bajan”. Ingkang dados djoeroengarang H. M. Basjoeni, Kjai Badroedin, H. Abdoerahim. Redacteur ingkang kadjibah ing hoekoem toewan Maämoen Ma'roef. Kalawarti waoe ngewrat babagan Islam.

Ing Soerakarta wonten kabar woelanan nama „Soera Kasalamatan” kawedalaken déning Uitg. Mij Tradjoe Boedi Soerakarta. Isinipoen prakawis warni<sup>2</sup> babagan kawroeh, panggoelawentah toewin sanès-sanèsipoen.



*Soeltan ing Boeton.* Kala K. T. Ingkang Witjaksana rawoeh ing Makasar, katjah para radja ingkang sami sowan. Ingkang ketjeta ing gambar poenika pandjenenganipoen Soeltan ing Boeton nalika mentas sowan K. T. Ingkang Witjaksana ing gedöng Raad van Justitie ing Makasar.

*Sawoeng warga Raad Kawoela.* Comite pilihan sawoeng warga Raad Kawoela ingkang madeg saking pakempalan<sup>2</sup>, toemrap Djawi Kilèn njawoengaken: 1 M. H. Thamrin, geledegerde Raad Kawoela sapoenika. 2 Mr. Joesoef Adiwinata, Directeur N. V. Girilaja, Bandoeng. 3 Mr. R. Hadi, Wethouder Gemeenteraad, Betawi sapoenika. Djawi Tengah: R. M. A. A. Koesoemo Oetojo, geledegerde sapoenika. 2 Mr. R. Sastroeljono, advocaat Semarang. 3 Mr. R. Soemardi, Advocaat Ngajogja. Djawi Wétan: 1 R. Soekardjo Wirjopranata, warga Raad Kawoela sapoenika. 2 R. Soeroso, warga Raad Kawoela sapoenika. 3 Mr. Soesanto Tirtoprodjo, Ge-deputeerde Djawi Wétan.

*Zaakwaarnemersbond ing Semarang.* Ing tanah ngriki sampoen sawatawis dangoe wonten pakempalan Zaakwaarnemers. Ing sapoenika ing Semarang oegi wonten, namanipoen kados ingkang kaseboet inggiling. Ingkang dados pangadjeng toewan K. J. Bussche, R. M. Soedirdjo toewin kabijantoe déning tetijang ingkang mangertos.

*Comité Roemah Piatoe ing Semarang.* Béndjing tanggal 1 Februari 1935 ing Semarang wonten bikakan Roemah Pijatoe toemrap laré<sup>2</sup> èstri anaking prijaji ingkang ramanipoen sampoen ngadjal toewin iboenipoen rekaos. Ing sakawit namoeng saged nampèni laré 30, wiwit oemoer 6—12. Sarèhning pangoeprakara waoe katjah wragadipoen, mila angadjeng-adjeng kadamman. Lebetipoen laré ingrikoe kedah angsal serat katrangan saking wadana. Laré waoe baðé kasekolahaken H. I. S. toewin sanès-sanèsipoen. Ngalamating serat<sup>2</sup> dateng comité Meisjes-Weeshuis Djomblang 11—13 Semarang. Ingkang dados Directrice R. r. Soetjiati, saðèrèkipoen Dr. Soetirah. Pangarsaning comité R. Soedarmo, panitra R. Karnen.

*Tabligh Al Islam dipoen bandemi sèla.* Ing kampoeng Kebon Manggis, Mr. Cornelis, mentas wonten tabligh Al Islam, manggèn ing grijanipoen toewan M. Nasir, dipoen datengi ing tijang sèketan, ing Djawi taksih katjah tijang ingkang mirengaken. Nanging sareng saweg nengah-nengah sesorah, wonten tijang ambanðem pajon grija. Tijang ingkang ambanðem ladjeng dipoen boedjeng, boten ketjepeng.

*Mr. Moh. Moeksinoen.* Wonten pawartos, Mr. Moh. Moeksinoen, ingkang dados pangadjenging Rechtskundigbureau „Kita” ing Ngajogja, baðé pindah dateng Soerabaja. Wonten ing Soerabaja baðé dados onder directeur Bank Nasional Indonesia.

*Kalawarti toewin kabar woelanan énggal.* Wonten pawartos, ing Semarang badé wonten kalawarti toewin kabar woelanan énggal. Ingkang kalawarti nama Kawan Ra'jat, déné kabaripoen woelanan nama De Economisch. De Economisch poenika isi basa Melajoe toewin Walandi, ing bab babagan dagang sapanoénggilanipoen. Malah wonten pawartos wedalipoen ingkang kapisanan kadosdéné advertentieblad.

*Bendera Timoer.* Wiwit tanggal 29 September 1934 serat kabar Bintang Timoer santoen nama Bendera Timoer. Éwahipoen waoe djalaran saking sabab warni<sup>2</sup>. Hoofdredacteur toewin Directeur toewan Parada Harahap, Plv. Hoofdredacteur toewan Moh. Masserie.

*Djoernalis<sup>2</sup> ing Ngajogja kepoerih dateng kantor residèn.* Para djoernalis ing Ngajogja mentas gegentosan dipoen poerih dateng ing kantor residèn. Manggah perloenipoen soeka pamrajogi, ing salebetipoen mangsa kados makaten poenika ka'ah, tijang rekaos, poenika toemrap pers ga'ah tetanggalan awrat, wadjib ngengimoer toewin ngagengaken manahing rakjat. Soepados manawi ngewrat pawartos ingkang wigatos katitia jektos, sampoen dipoen langkoeng-langkoengi. Wosipoen sadaja waoe namoeng pamrajogi saé.

*Damel sarem peteng.* Veldpolitie ing Tjirebon mentas njepeng tijang 50 langkoeng ingkang sami damel sarem peteng. Pandamelipoen sarem waoe boten wonten ing pasisir, limrahipoen sami ambekta mantoek pasir ingkang ngemoe sarem, ladjeng dipoen rendem. Kawontenan ingkang kados makaten waoe andjalari rekaosipoen njepeng, amargi pambektanipoen boten katawis, soemerep<sup>2</sup> manawi sampoen awoedjoed sarem kasadé dateng sanès panggénan.

*Radio Sri.* Pirantos-pirantosipoen Radio Sri ing Soerakarta sampoen dateng saha sampoen kapasang. Bendjing tanggal 15 woelan poenika wiwit katjopi. Déné pambikakipoen kasarengaken dawahing dinten wijosandalem Sampéjandalem Ingkang Witjaksana 70 taoen.

*Karoeng dlantjang.* Directeur pabrik dlantjang ing Gelderland, nagari Walandi, ingkang noedjoe wonten Betawi, ga'ah sedyo badé ngadegaken pabrik karoeng dlantjang.

*Mr. Soejoedi bikak kantor wonten Soerakarta.* Ing woelan poenika Mr. Soejoedi bikak kantor wonten Soerakarta, perloe kanggé nggampilaken sesambetanipoen prakawis saking Soerakarta ingkang dateng Ngajogja.

*Dr. Ida Loemongga.* Nonah Dr. Ida Loemongga Nasution badé dateng tanah ngriki saking nagari Walandi. Sadoemoeginipoen ngriki badé wonten ing Betawi, njamboetdamel ambijantoe Prof. C. D. de Langen ing bab babagan sesakit laré.

*Padagangan watjoetjal ko'ok.* Wonten pawartos, ing Ngajogja wonten ingkang ngadani ngintoenaken padagangan watjoetjal ko'ok, ingkang ka'ah kakintoenaken dateng Prantjis, badé kanggé sepatoe. Ingkang ka'ah watjoetjal ko'ok poenika pen'etan saking

Selebes toewin Borneo. Afdeeling kawakelan ing Departement van Economische Zaken njobi ngawontenaken pen'etan saking tanah Djawi, nanging pinanggihipoen tipis. Sapoenika badé njobi ingkang wedalan Goenoengkidoel, bangsaning kongkang.

*Wewahan sepoer expres.* Wiwit bendjing tanggal 1 November ngadjeng poenika N. I. S. badé ngawontenaken sepoer expres ing margi Semarang — Solo. Pangkat saking Semarang djam 9.26, doemoegi Solo djam 11.10 Saking Solo djam 12.18 doemoegi Semarang djam 3. Lampahipoen namoeng kéndel ing Goendih.


*Ewah-ewahan ing kalawarti Penindjauan.* Kalawarti Penindjauan ing Betawi ing sapoenika ka'ewahan dados Naamlooze Vennootschap, nama Oesahaken Madjallah bagi Indonesia, katjekak „Oembi”. Kadjawi ngedalaken kalawarti oegi badé ngedalaken boekoe<sup>2</sup> waosan toewin sanès-sanèsipoen.

*Kliniek Taman Siswa.* Taman Siswa ing Ngajogja badé ngadani Taman Kesehatan, kadosdéné kiniek. Sadaja para koelawarganing moerid Taman Siswa ingkang noedjoe soeker sakit badé kapitoe-loengan kanti waragad ingkang majar toewin gampil. Rékadaja poenika badé dipoen bijantoe satoenggiling dokter tijang siti.

## ASIA.

*Pabrik wiwit njamboetdamel malih.* Ing sasampoenipoen mentas wonten bentjana ing Djepan, ing sapoenika sampoen wonten pabrik 765 ingkang bikak malih, 807 kebikak salebetipoen saminggroe malih, toewin wonten 9 kabikak ing wekasanipoen woelan poenika.

## EROPA.



*Nata Afrika wonten ing London.* Satoenggiling radja ing Afrika Kidoel pepara dateng London. Nalika wonten ing London ka'ah ingkang dipoen priksani. Ingkang katjeta ing gambar poenika nalika pandjenenganipoen noedjoe ngoengalaken radio.















